Mwari Akapindura Munyengetero Wake

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Nehemiya, Mambo Atashasta, Sanibharati naTobhiya
Nyaya yacho muchidimbu: Nehemiya anonyengetera kuna Mwari, anokumbira mvumo kuna mambo yokuti aende kuJerusarema, uye anokunda zvipingamupinyi.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA NEHEMIYA 2:1-20.

Unofungidzira kuti vanhu ava vane zvitarisiko zvakaita sei?

Nehemiya: _____

Mambo Atashasta: _____

Sanibharati naTobhiya: _____

Unofunga kuti nemhaka yei munyengetero waNehemiya waiva mupfupi? _____

_____

Sokufunga kwako, rondedzera zvaiva zvakaita Jerusarema Nehemiya paakasvikako. (*Verengazve vhesi 13 ne14.*)

_____

Nehemiya ari kutaura nenzwi rakaita sei kubva pamashoko ari pavhesi 17?

_____

2 DZAMISA PFUNGWA.

Unofunga kuti Nehemiya aitaurei mumunyengetero wake? (Verenga Nehemiya 1:4-11.)

_____

Chii chingava chakaita kuti Nehemiya afunge kuti Atashasta aizomubvumira kuenda kuJerusarema? (Verenga Ezra 7:1-6; Zvirevo 21:1.)

_____

Zvii zvakaitwa nevaJudha kuti ‘vasimbise maoko avo kuti vaite basa rakanaka’? (Verenga Nehemiya 2:18; Isaya 35:3.)

_____

Chii chinokunakidza pamapinduriro ayo Nehemiya akaita kuna Sanibharati naTobhiya? (Verenga Nehemiya 2:20.)

_____

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Simba rine munyengetero. _____

_____

Kuti Jehovha Mwari anobatsira sei vanamati vake pavanotsigira zvakasimba zvavanotenda? _____

_____

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Ndingatevedzera sei Nehemiya pandinenge ndakasuruvara?

_____

_____

Ndingaratidza sei kuti ndinovimba naJehovha vamwe pavanopikisa zvandinotenda?

_____

_____

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha?

_____

_____

_____

Zvaungaita: Shandisa zvinhu zvokutsvakurudza zvauinazvo kuti utsvake pamepu paiva nemaguta aya ekare eShushani uye Jerusarema. (Nehemiya 1:1) Ona kuti makiromita mangani kubva kuShushani kuenda kuJerusarema, uye imbofungidzira kuoma kwazvainge zvakaita kuti ufambe kubva kumba kwenyu usiri kushandisa zvifambiso zvavako mazuva ano.

JW.ORG™

Kopa peji iri pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania